

Nouvo Tarif IndyGo

Kesyon yo Poze Souvan

CHANJMAN TARIF

1. Kijan IndyGo te deside pwopoze yon ogmantasyon tarif \$1.00?

IndyGo pa t ogmante tarif li yo depi 16 lane. Depi lè sa a, enflasyon fin diminye valè tarif \$1.75 la. Tarif \$2.75 yo pwopoze a baze sou nesesite pou adapte ak enflasyon ansanm ak depans pou bay sèvis la ki kontinye ap ogmante.

2. Poukisa IndyGo ap ogmante tarif li yo kounye a?

Pa janm gen yon bon moman pou ogmante tarif. IndyGo ap ogmante tarif yo kounye a paske depans fonksyonman yo ogmante anpil akòz pri gaz, antretyen machin yo, ak depans pou travayè yo. Malgre tout ogmantasyon depans sa yo, IndyGo pa t ogmante tarif li yo depi plis pase 15 lane. San yon ogmantasyon tarif, IndyGo ta ka oblije pran desizyon difisil tankou diminye sèvis oswa ranvwaye amelyorasyon yo. Yon lòt rezon pou ogmante tarif yo kounye a, se pou IndyGo ka fè sèlman ti ogmantasyon nan alavni epi asire n ap ka kenbe yon sèvis ki fyab epi kontinye envesti epi kenbe yon rezo transpò ki solid.

3. Kijan ogmantasyon tarif la ap benefisye pasaje yo?

Malgre ogmantasyon tarif sa a pa lye ak nouvo wout oswa ak plis sèvis, li jwe yon wòl esansyèl pou soutni sistèm transpò ke kominote nou an depann sou li chak jou. Ajisteman sa a fèt pou nou ka pwoteje sa ki pi enpòtan pou pasaje yo: sèvis ki serye, trajè ki san danje, ak yon sistèm ki mache pou tout moun. Revni siplemantè a ap ede IndyGo:

- Asire bis yo kontinye fonksyone san pwoblèm lè yo kouvri pri gaz, antretyen ak pyès machin yo.
- Sipòte ekip travayè prensipal yo - chofè, mekanisyen ak pèsonèl sèvis yo - ki bay yon sèvis ki san danje, chak jou.
- Estabilize finans IndyGo pou evite chanjman ki ka twò deranje alavni.
- Kontinye pwogwam tarif yo tankou limit tarif, kat aksè gratis oswa kat aksè ak rabè, ansanm ak opsyon mwatye pri.

ENPAK SOU PASAJE YO

4. Poukisa IndyGo ap elimine tikè 10-trajè ak tikè 31-jou yo?

Nan kad mizajou politik tarif 2019 la, IndyGo te kòmanse retire tikè 10-trajè, tikè 31-jou ak kat aksè-S yo pou ankouraje tranzisyon nan sistèm tarife ektwonik MyKey la epi pou senplifye estrikti tarif la an jeneral. MyKey ofri yon opsyon ki pi pratik paske li pèmèt pasaje yo peye pandan y ap itilize sèvis la epi yo touche tikè chak jou ak chak semèn yo otomatikman atravè limit tarif—konsa yo pa bezwen fè gwo peman davans. Chanjman sa a sipòte objektif alontèm IndyGo yo ki se modènize sistèm nan, amelyore efikasite, epi asire tout pasaje yo gen aksè a opsyon tarif ki fleksib ak abòdab.

5. Kilè IndyGo ap sispann vann tikè 10-trajè, tikè 31-jou, Kat Aksè-S ak Kat Aksè Jèn pou Ete a?

1ye jiyè 2026

6. Kilè IndyGo ap sispann pran tikè 7-jou, tikè 10-trajè ak tikè 31-jou, kat Aksè-S ak Kat Aksè Jèn pou Ete a?

1ye jiyè 2027.

7. Poukisa ogmantasyon tarif ki pi gwo yo ap afekte pasaje ki itilize IndyGo Access?

IndyGo Access se yon sèvis sou demann ki pèsonalize anpil, ki transpòte moun soti sou twotwa pou rive sou twotwa. Sa a se sèvis ki pi chè IndyGo ofri. Tarif la baze sitou sou nesesite pou adapte ak enflasyon ansanm ak depans pou bay sèvis la ki kontinye ap ogmante. Dapre lalwa, nou gen dwa chaje jiska de fwa tarif debaz yon wout fiks pou zòn ADA a.

AKSESIBILITE

8. Ki pwogram tarif rabè oswa asistans finansye ki pral disponib pou pasaje ki ka gen difikilte pou peye ogmantasyon tarif sa a?

Moun ki andikape, moun ki gen 65 lane oswa plis, ak moun ki gen 18 lane oswa mwens, ap kontinye peye mwaye pri sèlman. Moun ki se kliyan IndyGo Access yo ap kalifye tou pou peye mwaye pri sou sèvis wout fiks nou yo. Anplis de sa, ansyen militè yo ap kontinye gen trajè gratis nan sèvis wout fiks nou yo.

9. Ki mezi y ap pran an konsiderasyon pou soulaje fado finansye pasaje ki gen ti revni yo?

Sistèm MyKey la ofri limit tarif, ki pèmèt pasaje yo “jwenn” trajè gratis, ansanm ak kat aksè chak jou oswa chak semèn pandan yo ap itilize sèvis la, san yo pa oblije peye gwo kantite lajan davans. Yo konsidere sa kòm yon mezi ki pi jis, sitou pou pasaje ki gen ti revni ki ka pa gen mwayen pou achte yon kat aksè plizyè jou yon sèl kou. Anplis de sa, mwaye pri yo toujou disponib pou granmoun aje, moun ki gen andikap, ak jèn yo. IndyGo ofri transpò gratis tou pou plizyè gwoup moun, tankou ansyen militè yo.

KISA KAP VIN APRÈ?

10. Kijan IndyGo ap asire l ke pasaje yo konprann nouvo estrikti tarif yo ak opsyon tikè yo?

- a. IndyGo ap lanse yon kanpay kominikasyon ak maketing pou eksplike ogmantasyon tarif yo, diferans ki genyen ant MyKey ak tikè papye tradisyonèl yo, ansanm ak fason sistèm limit tarif la ka ede pasaje yo ekonomize lajan. Kanpay sa a ap gen ladan anons ak pano dijital sou bis yo ak nan Julia Carson Transit Center (CTC), piblisite, medya sosyal, ak kouvèti nan medya lokal yo, pami lòt bagay. Materyèl edikatif yo ap tradwi nan plizyè lang epi adapte pou moun ki gen kapasite limite nan lang Angle ak pou pasaje ki gen andikap (pa egzanp, gwo lèt, vèsyon odyo).
- b. Pèsonèl IndyGo a ap disponib tou pou reyinyon vityèl ak pou rankont an pèsòn nan CTC, epi evenman sa yo ap gen sèvis tradiksyon ki disponib sou demann.